



Pou Piblikasyon Imedya: 29/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN DEVLOPMAN LOJMAN POU
ITILIZASYON MIKS KI NAN PRI ABÒDAB KI KOUTE 17 MILYON DOLA POU
GRANMOUN AJE NAN BUFFALO**

La Plaza de Virginia ofri 46 lojman nan pri abòdab ak sipò pou granmoun aje yo avèk Sant Sèvis Kominotè pou Granmoun Aje, Café ak resous pou sante

Gouvènè Kathy Hochul te anonse achèvmán La Plaza de Virginia, yon pwojè devlopman lojman pou itilizasyon miks ki koute 17 milyon dola ki founi 46 kay nan pri abòdab ak bay sipò pou granmoun aje nan Buffalo. Devlopman ki fèk konstwi nan kot lwès vil la gen ladan tou yon restoran ak yon etablisman sèvis kominotè ki pral abrite yon pwogram rekreyatif lajounen pou adilt ki ouvri pou piblik la.

"La Plaza de Virginia bay granmoun aje yo yon lojman sekirite, estab ak abòdab ki gen aksè a yon bann resous ki pral ede yo viv an sante ak yon fason endepandan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Devlopman sa a se yon lòt investisman enpòtan Eta a pou ede ranfòse katye Buffalo yo, sipò efò revitalizasyon kontinyèl vil la ak bay rezidan ki pi vilnerab nou yo opsyon lojman yo bezwen pou yo pwospere".

Anons jodi a konplete Kontra Lojman Gouvènè Hochul la, yon estrateji ki gen plizyè aspè ki fèt pou adrese mank lojman istorik New York la nan konstwi 800,000 nouvo kay pandan pwochen deseni a. Kontra Lojman an pral ankouraje kwasans nan retire obstak pou pwodiksyon lojman, ankouraje nouvo konstriksyon, ak fikse objektif lojman lokal atravè chak kominote. Kontra Lojman New York la fè swivi a lansman plan lojman global 25 milya dola Gouvènè a ki pral kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York, ki gen ladan 10,000 avèk sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Sitiye nan 254 Virginia Street, La Plaza de Virginia okipe yon sit vid, delabre pou tounen yon bilding twa etaj ki gen ladan 46 apatman yon chanmakouche, tout nan pri abòdab pou granmoun aje yo ki gen revni ki nan 60 pousan oswa pi ba Revni Mwayen Zòn lan.

Yo rezève katòz pou granmoun aje ki se ansyen sanzabri yo ki pral resevwa sèvis sipò sou plas ki jwenn finansman atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) Gouvènè a epi se Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York ki administre yo. Sèvis sipò yo gen ladan jesyon swen

global, sipò pou itilizasyon sibstans ak sante mantal, sèvis konsèy, oto jesyon medikaman, kowòdinasyon swen sante, defans, lwazi, atelye edikatif ak fòmasyon, ansanm ak referans ak lyezon nan sèvis kominotè yo.

Anplis restoran sou sit la, ki pral sèvi manje Pòtoriken, rezidan yo ka jwi yon lakou kominotè 4,000 pye kare, salon ak sal lesiv nan chak etaj. La Plaza de Virginia te konstwi pou satisfè estanda Enterprise Green Communities yo epi tout apatman yo pral sèvi ak aparèy Energy Star. Devlopè La Plaza de Virginia a se Hispanos Unidos de Buffalo (HUB), yon òganizasyon san bi likratif nan Buffalo ki ofri plizyè sèvis epi ki afilye ak Acacia Network. Se Acacia Network ki pral founi sèvis sipò yo.

Finansman eta a pou La Plaza de Virginia te gen ladan Kredi Enpo eta ak federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb (Low Income Housing Tax Credits) ki pral jenere yon total 10.6 milyon dola nan fon pwòp ak 3.1 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan HCR. Empire State Development te bay yon prè 1.9 milyon dola atravè Fon Better Buffalo li a. Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te bay tou 46,000 dola atravè Nouvo Pwogram Konstriksyon Rezidansyèl Ti Bilding (Low-Rise Residential New Construction Program) lan. Ajans Renouvèlman Iben Vil Buffalo (Buffalo Urban Renewal Agency, BURA) a ap bay 950,000 dola. Asanble Eta New York la te bay 600,000 dola nan finansman kapital atravè Otorite Dòtwa Eta New York (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY) la.

Nan senk ane pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te envesti apeprè 250 milyon dola nan vil Buffalo ki te kreye oswa prezève apeprè 2,500 lojman nan pri abòdab.

Komisè Divizyon Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "HCR, ke lidèchip Gouvènè Hochul ap gide epi ki konsantre sou amelyore aksesibilite ak ranfòse kominote yo, ap envesti nan efò revitalizasyon katye yo nan Buffalo atravè devlopman lojman abòdab. Ouvèti La Plaza de Virginia te ranplase yon bilding vid, delabre pou tounen yon konplèks pou itilizasyon mik ki fèk konstwi ki pral sèvi yon lojman sekirite ak estab pou 46 granmoun aje, ki gen sèvis sipò pou sila yo ki bezwen yo. Nou rekonesan pou patnè nou yo nan Empire State Development, NYSERDA, Depatman Sante Eta New York, Acacia, ak HUB pou travay yo nan fini devlopman remakab sa a".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development, Hope Knight, te deklare, "La Plaza de Virginia, ki pral ede reponn a nesosite k ap ogmante pou lojman pou granmoun aje ki gen revni fèb yo, sipòte gwo angajman Gouvènè Hochul pou fè Eta New York tounen yon kote ki pi ekitab pou moun viv. Nou fyè pou nou sipòte pwojè eksitan sa a, avèk yon prè 1.9 milyon dola ki soti nan pwogram Fon Better Buffalo a, ak pou ranfòse objektif pwogram nan pou amelyore kalite lavi ak transfòme katye Buffalo yo".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Achèvmman La Plaza de Virginia a vle di granmoun aje nan Buffalo yo gen plis aksè nan lojman ki nan pri abòdab, ki efikas nan enèji ki gen ladan aparèy elektwomènaje ki trè pèfòman. Pwojè tankou sa ki bon pou klima ap kreye yon pak imobilye ki pi an sante pandan l ap enkli Nouyòkè ki pi vilnerab yo nan tranzisyon nan enèji pwòp".

Komisè pa Enterim Depatman Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "La Plaza de Virginia Senior Apartments se yon lòt egzanp kijan tout Nouyòkè yo ta dwe gen aksè nan lojman ki an sekirite ak nan pri abòdab, epi apatman lojman sipò pou granmoun aje sa yo non sèlman pral amelyore sante global rezidan yo, men tou pral pèmèt yo rete nan kominote a epi rete angaje nan kominote a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou devouman inebranlab li nan Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) la ki pèmèt moun yo soti nan sitiasyon sanzabri pou ale nan yon lojman an sekirite nan katye yo".

Sekretè Deta Eta New York la, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Kreye plis opòtinite lojman abòdab se yon bagay ki enpòtan pou rezidan ak kominote New York yo pwospere. Achèvmman La Plaza de Virginia pran plizyè ane epi se yon gwo viktwa pou adilt ki pi aje nou yo nan Vil Buffalo. Anplis de kreyasyon 46 nouvo lojman abòdab ak dirab, La Plaza de Virginia founi yon kominote kote granmoun aje yo kapab vyeyi sou plas epi avèk endepandans, diyite ak opòtinite pou jwenn aksè nan sèvis edikatif ak byennèt yo. Ansanm, sa ranfòse ak amelyore kominote Buffalo pou plizyè deseni alavni".

Reprezantan Brian Higgins te deklare, "Pwojè sa a, ke Hispanous Unidos de Buffalo ap dirije, demontre enpòtans kredi enpo federal pou moun ki gen revni fèb yo ak pote nouvo lojman nan pri abòdab pou granmoun aje yo ak yon destinasyon rasanbleman kominotè nan Kot Lwès la. Nouvo kay sa a pou rezidan Buffalo yo sitiye ideyalman nan yon katye k ap sibi yon renouvèlman dinamik gras a yon investisman federal 42 milyon dola nan antouraj Niagara Street epi li pa lwen Pak Ralph Wilson Centennial, ki sibi yon transfòmasyon gras a fondasyon ak investisman federal yo".

Senatè Eta Tim Kennedy te deklare, "Nan investi nan lojman ki nan pri abòdab, espesyalman pou granmoun aje nou yo, New York ap kontinye kreye nouvo opòtinite pou aksesibilite, sèvis sipò ak espas ki santre sou kominote a. Pwojè sa a se te yon vrè kolaborasyon ant Hispanos Unidos de Buffalo ak patnè federal, eta ak vil yo epi mwen eksite pou m wè La Plaza de Virginia k ap ouvri pòt li pou kominote a".

Manm Asanble Jon D. Rivera te deklare, "Konplèks lojman pou itilizasyon miks La Plaza de Virginia ki gen 46 inite a nan Virginia St. pral reprezante yon investisman endispansab nan popilasyon ki pi aje nan zòn nou an. Nan lokal sa a, HUB pral kontinye tradisyon long dat li nan bay yon bann sèvis ak ekipman ki dedye pou kominote aje nou an. Mwen fyè ke pwojè sa pral demontre plis prèv angajman Eta New York pou founi lojman ki modèn ak nan pri abòdab pou moun ki pi vilnerab yo nan kominote nou yo".

Kad Egzekitif Konte Erie a, Mark C. Poloncarz te deklare, "Pwojè sa a te ede kapte vizyon sa rezidan aktyèl yo nan katye a t ap chèche avèk yon estrikti atiran ki konble bezwen nan kominote a. Bay lojman nan pri abòdab epi ki bay sipò pou granmoun aje yo se dènye nan seri envestisman eta a te fè nan ede kreye yon espas pou viv ki dinamik pou kèk nan rezidan ki pi vilnerab nou yo nan Vil Buffalo".

Prezidan Acacia Network, Raul Russi, te deklare, "Acacia Network fyè de efò ekip fòmida la ak tenasite ki te nesèsè pou reyalize pwojè sa a nan kè Buffalo toupre kanpis prensipal filyal nou an, Hispanos Unidos de Buffalo (HUB). Antanke rezidan nan Buffalo ki fèt Pòtoriko epi ki te sèvi Vil Buffalo ak Eta New York pandan plizyè deseni anvan karyè mwen nan sèvis san bi likratif, La Plaza de Virginia se yon refleksyon angajman nou pou kreye chemen pou opòtinite ak establi pou vwazen ki pi vilnerab nou yo, pou yo ka rete nan kominote yo rele lakay yo".

Direktè Egzekitif Jeneral Acacia Network la, Lymaris Albors, te deklare, "Atrè La Plaza de Virginia, Acacia Network kontan anpil pou l ajoute lojman endispansab ki gen 46 inite a nan pòtfèy solid nou, ki deja gen ladan plis pase 4,000 inite lojman nan pri abòdab ak ki bay sipò atravè Eta New York. Pwojè sa a sèvi kòm yon temwayaj rezilta enkwayab ki ka akonpli lè devlopè lojman nan pri abòdab ki san bi likratif ak minorite yo reyini ansanm ak patnè piblik ak prive pou devlope pwojè ki baze sou misyon ki reponn a bezwen kominote nou yo".

Direktè Egzekitif HUB, Eugenio "Geno" Russi, te deklare, "La Plaza de Virginia pral konble yon gwo bezwen pou lojman nan pri abòdab pou granmoun aje nan yon katye ki depi lontan te sèvi kòm kanpis prensipal pou Hispanos Unidos de Buffalo, ki deja ofri pwogram solid pou granmoun aje vilnerab nan kominote sa a. Nou remèsye anplwaye nou yo, konsèy nou an, ak patnè nou yo ak sila ki finanse nou yo -ki gen ladan Gouvènè Hochul ak Eta New York, Vil Buffalo ak Majistra Byron Brown, ansanm ak ansyen Manm Asanble Sean Ryan ak Jonathan Rivera- paske yo rann pwojè sa vin posib epi nou pa ka tann pou nou kontinye sèvi kominote nou yo pou plizyè deseni alavni".

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)